

**KOUNYE A N AP AKSEPTÉ APLIKASYON
POU ANE ESKOLÈ 2020-21 AN**

**APLIKE SOU ENTÈNÈT NAN:
HEBREWPUBLIC.ORG/APPLY**

מעולה וחינוך מודרנית עברית, ערכים של עולם

**YON MONN KI GEN VALÈ, KONPETANS NAN YON NOUVO LANG AK YON KILTI
ESKOLÈ CHALERE AP TANN OU!**

Avanti nan aprantisaj

Elèv yo resevwa enstriksyon nan alfabetizasyon, matematik, syans ak syans sosyal ansanm ak atizay, edikasyon fizik ak mizik.

Teknoloji nan sal klas la

Teknoloji nan sal klas la sipòte enstriksyon pèsonalize pou satisfè bezwen aprantisaj chak elèv.

Satisfè bezwen tout timoun

Chak lekòl Hebrew Public ofri fizyoterapi, òtòfoni/logopedi, ègoterapi, konsèy pwofesyonèl, ak sèvis pou aprann lang anglè pou elèv ki elijib yo.

Lang kòm yon pòt ki ouvri sou sajès

Elèv yo resevwa enstriksyon imèsif nan lang ebre modèn. Yo entegre kilti ak istwa Izrayèl nan pwogram edikatif la.

Konpetans esansyèl, koneksyon kilti

Lè nou pratike klas adapte, aprantisaj sosyal ak akademik mache ansanm. Nou konnen elèv n ap anseye yo — endividyèlman, kiltirèlman ak devlopmanalman.

Vwa ak chwa

Yon fwa pa semèn, elèv Hebrew Public yo pran aprantisaj yo an chaj lè yo chwazi yon klas fakiltatif espesyal ki dire inèdtan.

Travay nou fonde sou valè OLAM (ebre pou "monn") nou fè kòm modèl pou timoun yo chak jou:
Outstanding problem-solvers; Lifelong learners; Aware communicators; Making a difference.

Kanpis yo sitiye nan Brooklyn, Harlem ak Staten Island. Ou pa peye frè eskolarite epi li ouvri pou tout moun. Li pa obligatwa pou deja gen konesans sou Ebre.



ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

Prenon elèv la* _____ Non elèv la* _____

Dat nesans elèv la* __/__/_____ Sèks elèv la* __ Gason __ Fi

Adrès* (mete nimewo apatman) _____

Vil* _____ Eta* _____ Kòd postal* _____

Klas elèv la ap aplike pou l rantre*__ Lekòl elèv la ye kounye a _____

Èske elèv k ap aplike a genyen yon frè l oswa yon sèl ki deja nan yon lekòl Hebrew Public? Wi Non

Èske l gen yon frè l oswa yon sè l k ap aplike ansanm avè l? Wi Non

Si w reponn wi - tanpri bay non, dat nesans, klas ak lekòl frè oswa sè a (Tanpri ranpli yon aplikasyon separe pou chak timoun). _____

ENFÒMASYON SOU PARAN/GADYEN

Prenon ak non paran/gadyen an* _____

Imèl paran/gadyen an* _____

Relasyon l ak elèv k ap aplike a* _____

Adrès domisil paran/gadyen an _____

Vil _____ Eta _____ Kòd postal _____

Nimewo telefòn* _____

Ki jan w te tande pale de nou? _____

ENFÒMASYON SOU LEKÒL W AP APLIKE POU LI A Tanpri tyeke bwat ki akote lekòl w aplike pou li(yo) a. **Eskane fòm sa a epi voye l pa imèl nan lekòl w ap aplike pou li(yo) a.**

Harlem Hebrew Language Academy
Charter School: Klas K-8
147 St. Nicholas Avenue, New York, NY, 10026
212.866.4608 | info@harlemhebrewcharter.org

Hebrew Language Academy 2
Charter School: Klas K-4
1870 Stillwell Avenue, Brooklyn, NY, 11223
718.682.5610 | info@hla2.org

Hebrew Language Academy
Charter School: Klas K-8
2186 Mill Avenue, Brooklyn, NY, 11234
718.377.7200 | info@hlacharterschool.org

Staten Island Hebrew Public
Charter School: Klas K-1
Staten Island, Address TBD
646.916.0055 | info@sihebrewpublic.org

Dat limit pou aplike - 1/4/20. Dat lotri: Harlem Hebrew & Staten Island - 7/4/20, HLA & HLA2 - 8/4/20. Se responsablite w pou fè suivi ak lekòl yo pa telefòn oswa imèl pou asire yo resevwa aplikasyon w lan. Deklarasyon non-diskriminatwa: Yon lekòl ak chart (*charter school*) pa dwe fè diskriminasyon kont oswa limite admisyon okenn elèv sou okenn baz ilegal, ikonpri sou baz etnisite, orijin nasyonal, sèks, envalidite, kapasite entelektiyèl, kritè reyisit oswa aptitud, kapasite atletik, ras, kwayans, sèks, orijin nasyonal, relijyon oswa jeneyaloji. Yon lekòl paka egzije okenn aksyon nan men yon elèv oswa yon fanmi (tankou yon tès pou admisyon, entèvyou, disètasyon, prezans nan yon sesyon enfòmasyon, eksetera) pou yon kandida swa resevwa yon aplikasyon swa soumèt yon aplikasyon pou admisyon nan lekòl sa a. * Atik ki make ak yon asterisk (*) se sèl atik ki obligatwa pou ka aplike nan lekòl ak chart sa a. Tout atik ki pa gen yon (*) bò kote l pa obligatwa.